# ENSTWIKSYON pou Seleksyon Evalyasyon Redaksyon pou Elèv ki Gen Edikasyon Fòmèl ki Sispann/Pa Konsistan [Students with Interrupted/Inconsistent Formal Education (SIFE)]

**Enstwiksyon pou Seleksyon Evalyasyon Redaksyon:**

Objektif evalyasyon sa a sou redaksyon lang lakay oswa lang natifnatal se pou idantifye ladrès debaz elèv la nan redaksyon byen vit epitou pou egzamine fiti Elèv yo avèk Edikasyon Fòmèl ki Sispann/Pa Konsistan [Interrupted/Inconsistent Formal Education (SIFE)]. Ou kapab bay tès la nan yon gwoup, epi elèv yo ta dwe jwenn yon maksimòm 15 minit pou yo fè redaksyon yo.

**Enstwiksyon sou Fason pou Bay Tès la:**

Anvan ou kòmanse evalyasyon an, si ou pa konnen deja, idantifye lang lakay oswa lang natifnatal elèv la. Nou bay evalyasyon an nan lang ki endike anba la yo anplis Anglè:

- Panyòl
- Arab
- Bangalè
- Kreyòl Ayisyen
- Chinwa
- Oudou
- Maay Maay
- Sgaw Karen

1. Si yon elèv kapab ekri nan yon lang ki pa endike anwo a, elèv la ak ekri nan lang lan avèk endikasyon Anglè (avèk Enstwiksyon aloral nan lang lakay li oswa nan lang natifnatal li). Si yon elèv pa gen lang ekri, ou ta dwe ankouraje li pou fòme repons li avèk endikasyon 'repons ki fòme a'. Ou p ap kapab bay nòt pou yon repons ki fòme, men repons lan ap pèmèt elèv la patisipe san pwoblèm.
2. Enstriktè a ka ranpli espas detay debaz elèv la (non, dat li rive, dat admisyon, elatriye.) Ou ta dwe bay nenpòt Enstwiksyon aloral nan lang lakay elèv la oswa nan lang natifnatal li.
3. Fè elèv yo konnen yo pral ekri yon istwa nan lang lakay yo oswa nan lang natifnatal yo. Fè yo konnen sa a se pa yon tès, men nou ta renmen wè yo fè tout sa yo kapab, pou yo ekri otank posib.
4. Ou ka reponn kesyon debaz yo sou sa pou elèv la fè, men pa bay elèv yo eksplikasyon, pa sijere yo lide, oswa pa ede elèv la yon fason fòmèl.
5. Elèv yo pa ta dwe itilize yon diksyonè oswa yo pa ta dwe manje èd pwofesè yo oswa lòt elèv yo pou yo fè redaksyon yo.
6. Ou ta dwe ankouraje elèv yo pou yo ekri tout sa ki posib, epitou ou ta dwe bay elèv yo papye anplis si li nesesè.
7. Yon moun ki pale lang natifnatal elèv la ta dwe bay nòt pou evalyasyon an pou evalye sitiyasyon SIFE. Yon elèv ki fè nòt sitou 1 a 2 nan ti sijè apa pou evalyasyon redaksyon an ta dwe evalye answit kòm yon posib SIFE epitou elèv sa a ta dwe kontinye pou fè Evalyasyon Lekti Lang Lakay. Elèv ki fè nòt sitou 3 avèk kèk nòt ki pi ba ta dwe teste oswa ta dwe jwenn konsèy selon desizyon pwofesè a. Elèv ki fè nòt nan limit 4 a 5 pou tout kesyon ki nan ti sijè a ap, pa ka elèv SIFE.



Updated: 11/4/2016

| Non: | | Laj: |
|---|---|---|
| Dat la: | Lang Lakay: | |
| Dat Elèv la Te Rive nan Etazini: | Peyi Lakay Elèv la: | |

Tit redaksyon ou: ________________________________

**Modèl endikasyon**

Pou aktivite sa a, ekri sou jou fèt/selebrasyon ou pi renmen nan peyi lakay ou. Mete/reflechi sou:

- tout detay sou jou ferye/selebrasyon an
- sa ki fè jou ferye a/selebrasyon an amizan
- nenpòt souvni ou ka genyen sou jou ferye a/selebrasyon an

Itilize espas ki anba la a pou ekri youn oswa de (2) paragraf sou jou ferye ou pi renmen:

Men sa pou sonje pou mete nan redaksyon ou:

- ☐ Non jou ferye/selebrasyon moun yo renmen nan peyi ou
- ☐ Sa moun yo fè pou jou ferye a/selebrasyon an
- ☐ Ki kalite manje moun yo manje
- ☐ Pou kisa jou ferye a/selebrasyon an se sa ou pi renmen an



Updated: 11/4/2016